- P. Mulyono : *menyan menika gerbangipun donga mas, dados talining iman. Nalikane mbakar menyan menika niatipun mbakar sifat elek ing njero ati. Supados genine saged kange cahaya ingkang nuntun wonten kebacikan, banjur kukuse menika wangi maknanipun menawi sifat elek menika sampun sirna lan pikantuk cahaya kebacikan banjur tumuju wonten ing dalan iman banjur kita saged pikantuk wangi utawi suwarga, menika gerbangipun donga utawi lawanging donga, mengkin ingkang nampi Dzat ingkang Maha Kuwaos*
- Panggah : *menawi kambang menika kenging menapa kok dipun taburaken wonten makam, menika ginanipun kange menapa?*

- P. Mulyono : *kembang menika supados makam menika kanthi ketinggal endah lan mambune wangi, sami ugi anggenipun manggen wonten griya panjenengan kan nate nyapu, ngepel, kadang tembokipun dicat, lajeng dipun paring parfum, sami ugi wonten makam kenging menapa dipun sawur kembang amargi supados makam menika katon endah lan wangi. Dados wonten wujude menungsa ingkang taksih gesang menika tansah ngajeni sinten kemawon mbok tiyang ingkang gesang kaliyan tiyang ingkang sampun seda menika tansah ngajeni.*
- Panggah : *menawi mboten ngagem menyan kados pundi pak?*
- P. Mulyono : *wong jawa kuwi lumrahe yen nglampahaken ritual menika kanthi mbakar menyan, saestu nipun wonten sanesipun kados dupa, menapa parfum, ananging menyan menika sampun dados adat ingkang turun temurun saking jamane nenen moyang tiyang jawa, ingkang kathah wonten pasar nggeh menyan mas, menawi golek dupa njeh mboten sedaya pasar nyanding. Ingkang mesti ginanipun kangge wewangen.*
- Panggah : *menawi rokok menika kangge menapa?*
- P.Mulyono : *Rokok kuwe kanggo ngrawuhi leluhur kang ora ketok, nek makhluke lanang*
- Panggah : *menawi maknanipun rokok lan arta menapa?*
- P.Mulyono : *Rokok kuwe mung kanggo seksi utawa ngormati leluhur, njur nek duwit kanggo nglancarake rejeki lan nekakake rejeki.*

#### **F. Pertanyaan tentang Tujuan nyekar pundhen**

- Panggah : *upacara nyekar pundhen menika gadahi ancas menapa pak?*
- P. Mulyono : *ancasipun nyekar pundhen menika njeh panyuwun dumateng Gusti Allah. Nyuwun slamet, nyuwun rejeki, jabatan menapa mawon kangge lantaran nyekar pundhen menika.kangge ngirim donga dumateng tiyang sepuh ingkang sampun seda supados arwahipun saged dipun tampi dening Gusti Allah SWT. Ugi kangge penget sedaya jasanipun Mbah Nyai rantamsari.*
- Panggah : *wonten ancas ingkangsanes mboten pak?*
- P. Mulyono : *wujuding rasa syukur warga Wonotirtoamargi sampun dipun paring rejeki ingkang berlimpah kanthi tanduran ingkang subur, kasiling panen ingkang kathah, mboten kenang hama, wujuding gotong royong warga keakraban lan kebersamaan warga amargi nalikane ngawontenaken nyekar pundhen menika sedaya nyambut gawe sesarengan lan mboten mbeda-mbedaaken kasta utawi derajat amargi ingkang sugih lan kekirangan sedayanipun sami.*

#### **G. Pertanyaan mengenai kepercayaan.**

- Panggah : *kapitadosan masyarakat mriki babagan nyekar pundhen menika kados pundi pak*

P. Mulyono	: <i>njeh warga ngkene taksih kathah ingkang nglampahaken nyekar pundhen, ananging biasane tiyang ingkang sepuh, menawi bocah enom niku njeh sampun mboten semangat kados tiyang sepuh2. Menawi mbiyen menika tiyang sepuh kaliyan tiyang enem njeh kathah ingkang nderek</i>
Panggah	: <i>nyekar pundhen menika dipun lampahaken wiwit kapan pak?</i>
P. Mulyono	: <i>nyekar pundhen kawit kula dereng wonten menika sampun dilampahaken mas. Njeh duka wiwitipun kapan.</i>
Panggah	: <i>berarti kapitadosan menika sampun dangu nggeh pak?</i>
P. Mulyono	: <i>njeh sampun mas.</i>
Panggah	: <i>njeh sampun pak matur nuwun.</i>
P. Mulyono	: <i>sami-sami.</i>

#### **Catatan Refleksi :**

1. Pelaksanaan tradisi *nyekar pundhen* dilaksanakan setiap bulan sekali tepatnya pada malam selasa kliwon dan jumat kliwon.
2. Asal-usul pelaksanaan *Nyekar pundhen* yang dipercayai warga Desa Wonotirto.
3. Doa yang dipanjatkan ketika nyekar pundhen.
4. Tujuan diadakan upacara *nyekar pundhen* adalah untuk sarana meminta keselamatan warga masyarakat Desa Wonotirto agar diberi keselamatan, ketentraman, dan kedamaian serta ungkapan rasa syukur atas rejeki dan hasil peretanian diberi kelancaran.

## CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 02

(CLW 02)

<b>Informan</b>	<b>: Bapak Suwarno</b>
<b>Umur</b>	<b>: 84 tahun</b>
<b>Pekerjaan</b>	<b>: Petani</b>
<b>Alamat</b>	<b>: Desa Wonotirto</b>
<b>Hari/ tanggal</b>	<b>: Kamis, 1 November 2012</b>
<b>Tempat</b>	<b>: Rumah Bapak Suwarno</b>
<b>Waktu</b>	<b>: 14.00 WIB</b>
<b>Kedudukan</b>	<b>: Sesepuh Desa Wonotirto</b>

### Pertanyaan tentang Asal –usul tradisi nyekar pundhen

Panggah	: mbah ngertos nyekar pundhen mbah?
P. Suwarno	: nggeh ngertos mas.
Panggah	: panggenanipun upacara nyekar pundhen menika wonten pundi mbah?
P. Suwarno	: panggenanipun wonten Pundhen Nyai Rantamsari.
Panggah	: lajeng ingkang dipunbekta nalikanipun nyekar pundhen menika menapa mawon mbah?
P. Suwarno	: wong nek arep nyekar pundhen kuwe nggawa menyan karo kembang, biasane kembange diwadahi nang godong gedang digawe pincukan. Banjur nggawa menyan kira2ne ya segede jempol ya. Kanggo dibakar nalikane ndonga.
Panggah	: kembangipun kembang menapa mbah?
P. Suwarno	: kembange ya kembang wangi biasane mawar, pandan, kantil karo kenanga. Nek ditambahi liyane ya ora papa.
Panggah	: menawi sega golong menika kangge menapa mbah?
P. Suwarno	: golong Malaikat Kasim termasuke gawe mrengeti karo sing andum rizki lan ngaweruhi kanjeng Malaikat Kasim critane sing andum rizki yo kue.
Panggah	: maknanipun menapa mbah?
P. Suwarno	: golong kui mrengeti utawa ngaweruhi saklebetting kikis utawi sakjawining kikis, padane sing ngreksa saknjerone Desa utawi saknjabane Desa iku dikaweruhi nang golong kue
Panggah	: wekdalipun nyekar pundhen menika pendak dinten menapa mbah?

- P. Suwarno : nyekar pundhen kuwe anane pendak dina malem selasa kliwon karo jurnah kliwon. Pendak wulan kuwe ana nyekar pundhen tapi pendak dina kemis wage. Jame kuwe jam setengah 8 nganti jam sepuluh, tapi ya ana sing nganti mbengi banget.
- Panggah : kenging menapa kok kedah malem seloso lan jemuah kliwon mbah?
- P. Suwarno : mergane malem kliwon kuwe miturut kejawen kuwe dina sing apik.
- Panggah : la kabeh dinten kan apik mbah?
- P. Suwarno : nah nek kuwe pancen bener. Nanging yen kowe belajar tentang kepercayaan kejawen kuwe dina apik ana dewek2. Misale awakmu arep mbojo nek jaman gemien ana itungane nggathukna antara kowe karo calone, mengko hasile pira ketemu dina apike. Lah kuwe ya pada bae karo dina nalika neng anakaken upacara nyekar pundhen ya nggolet dina sing apik. Ning karena adate wong kene sing wes kawit jamanku cilik kuwe ya dina kemis wage kuwe.
- Panggah : gemien menika nyekar pundhen dipunwiiti apet kapan mbah?
- P. Suwarno : ya aku ora ngerti, kayane ta nalikane nyai rantam sari seda keranda wonotirto kene banjur nganakna nyekar pundhen. Wong cilikanku wes melu nyekar pundhen, lah wis lawas banget.
- Panggah : menawi asal-usulipun nyekar pundhen menika kadospundi mbah?
- P. Suwarno : nek asal-usule nyekar pundhen kuwe ya kang kebudayaan islam jawa, nyekar pundhen kuwe kan pada bae jiaroh kubur ning digawe rutin. Wong islam kuwe ana budaya ndoakaken wong sing seda utawine wis mati. Lumrah enek sing biasa ya ana tradisi 7 dina 40 dina banjur 100dina lan nyewu dina. Nanging ana juga sing nyekar utawi jiaroh kubur. La nek nyekar pundhen kan berasal dari kata ngintun nek artine miturut jawa kan ngirim dadi nyekar pundhen kuwe ngirim donga. Sejarahe ya kang budaya islam sing ana nang jawa kene.
- Panggah : la menawi palakunipun sinten mawon pak?
- P. Suwarno : palakune ya ana juru kuncine pundhen nyai rantam sari banjur warga desa wonotirto la ana sing kang desa liyane. Juru kuncine kan nang kana sing dadi imam nalikane donga. Banjur nek kadang kuwe ana sing teka kang luar kabupaten. Ya pokoke wong sing esih tresna maring budaya-budaya kaya kuwe.
- Panggah : menapa wonten ingkang mboten nate nderek nyekar pundhen mbah?
- P. Suwarno : la nek kuwe kan kabeh kepercayaan nek sing ora percaya marang hal-hal kaya kuwe ya ora mangkat. Ya kadang ana sing mergane sibuk kerja esuk dadine ora bisa melu,

Panggah  
P. Suwarno

*kadangana sing lagi alangan kadang juga ana sing lagi mriyang ya ora mangkat. Kadang ana sing mung titip nggawa kembang karo menyan tok supados nyuwun dongane ya ana.*  
*: la menawi mboten nderek nyekar pundhen kados pundi mbah?*  
*: nek kuwe ta mbuh. Sing esih tresna maring adat-adate wong jawa ya kudune melu. Ning sing wes ora percaya ya kadang ora melu kaya ta wong enom sik nek kon melu nyekar pundhen ya kadang ana sing ora gelem.*

## CATATAN REFLEKSI

1. Sebelum melaksanakan nyekar pundhen warga melaksanakan rapat untuk pembentukan panitia dan pembagian tugas.
2. Pelaksanaan tradisi *nyekar pundhen* dilaksanakan setiap bulan sekali tepatnya pada hari kamis wage atau malam selasa dan jumat kliwon.
3. Asal-usul pelaksanaan *Nyekar pundhen* yang dipercayai warga Desa Wonotirto.
4. Tujuan diadakan upacara *nyekar pundhen* adalah untuk sarana meminta keselamatan warga masyarakat Desa wonotirto agar diberi keselamatan, ketentraman, dan kedamaian serta ungkapan rasa syukur atas rejeki dan hasil peretanian diberi kelancaran.

## CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 03

### (CLW 03)

**Informan : Bu. Mami**  
**Umur : 55 tahun**  
**Pekerjaan : Petani**  
**Alamat : Wonotirto**  
**Hari/ tanggal : Kamis, 1 November 2012**  
**Tempat : Rumah Bu. Mami**  
**Waktu : 15.00 WIB**  
**Kedudukan : pembuat sesajen**

#### **Pertanyaan tentang pembuatan sajen**

- Panggah : *nuwun sewu bu, ibu menika saweg menapa?*  
B. Mami : *nika damel sesajen kangge nyekar pundhen mangkikh mas*  
Panggah : *sajen menika menapa bu?*  
B. Mami : *naming sega golong, kopi pait, kopi jembawuk, air putih salam, wedang teh manis.*  
Panggah : *menika papanipun anggenipun damel menika wonten pundi?*  
B. Mami : *ndamele nggeh wonten mriki (bu. mami).*  
Panggah : *menawi caranipun damel sega golong menika kados pundi bu?*  
B. Mami : *bahanipun naming beras kaliyan toya. Pisanan nggeh berase dipesusi bar kuwe diliwet nganggo soblok ngasi stengah mateng. Bar kuwe didang nganggo Kusan. Dienteni ngasimateng.*  
Panggah : *menawi sesajen menika mangkikh paringaken wonten pundi bu?*  
B. Mami : *ya diglethakake nang kene mas, ora digawa nang pundhen.*  
Panggah : *menawi papanipun ngintun donga menika wonten pundi mawon bu?*  
B. Mami : *nek panggonane kuwe ya nang pundhen Nyai rantamsari.*  
Panggah : *menapa nalikane nyekar menika ingkang ndamel sajen namung Ibu'e?*  
B. Mami : *ya ora mas nek sing nggawe ya ana mbok nggoprek, sing gawe ya nyong karo mbok nggoprek.*  
Panggah : *menawi asal-usu lnyeka rmenika kados pundi bu?*  
B. Mami : *nek asal-usule ta aku ora patia paham. Tapi nyekar pundhen kuwe kaya nek awit jaman demak nalikane nyai rantamsari, banjur rakyate warga Wonotirto nganakaken tradisi Ngirim*

	<i>donga, mungkin sprene esih dianakna dijenengi Nyekar pundhen.</i>
Panggah	: Nyekar pundhen menika dipun lampahaken dinten menapa bu?
B. Mami	: dinten malem selasa lan jemuwah kliwon.
Panggah	: menawi sanes dinten menika kados pundi bu?
B. Mami	: wah nek kuwe ta aku ora ngerti. Tapi nek dina liyane ya bisa tapi ora akeh tiyange mung ngomong karo juru kuncine trus nyekar, ya pada bae jiaroh kubur.
Panggah	: urutanipun nyekar menika kados pundi bu?
B. Mami	: urutane ya mangkat banjur nang kana ndonga, sing ngimami juru kuncine banjur nyekar rampung nyekar ya kumpul nang jogan latar.
Panggah	: nalikanipun nyekar ingkang dipun bekta menapa bu?
B. Mami	: sing digawa kuwe kembang wangi, terus menyan.
Panggah	: tujuanipun nyekar menika menapa Bu?
B. Mami	: macem-macem mas sing pertama ya ndongakaken Mbah Nyai Rantamsari. Njur njaluk keslametan, njaluk rejeki, ya intine awake dewek njaluk maring sing Kuasa lantaran Nyekar.
Panggah	: menawi ingkang mboten nglampahaken nyekar menika kados pundi bu?
B. Mami	: Tapi kabeh mau kan kepercayaan. Terus kie juga tradisi wong jawa. Wong nyekar kan marai apik. Dadine kudune ta dilestarikaken.
Panggah	: njeh maturnuwun bu sampun purun dipun wawancarai.
B. Mami	: njeh sami-sami mas.

#### **CatatanRefleksi :**

1. Pembuatan sesaji barada di rumah Bu. Mami.
2. Sesaji yang dibuat berupa sega golong, kopi pahit, jembawuk, air salam, teh manis dan teh pahit.
3. Sesajen selain bunga wangi dan kemeyan diletakan di rumah.

## CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 04

### (CLW 04)

**Informan : Bu. Mukini**  
**Umur : 58 tahun**  
**Pekerjaan : Petani**  
**Alamat : Wonotirto**  
**Hari/ tanggal : Kamis, 1 November 2012**  
**Tempat : Rumah Bu. Mukini**  
**Waktu : 14.00 WIB**  
**Kedudukan : Pembuat Sesajen**

#### **Pertanyaan tentang pembuatan *sajen***

- Panggah : *nuwun sewu bu, ibu menika saweg menapa?*  
B. Mukini : *nika damel sesajen kangge nyekar pundhen mangkih mas*  
Panggah : *sajen menika menapabu?*  
B. Mukini : *namung sega golong, kopi pait, kopi jembawuk, air putih salam, wdang teh manis.*  
Panggah : *menika papanipun anggenipun damel menika wonten pundi?*  
B. Mukini : *ndamel enggeh wonten mriki (bu. Mukini).*  
Panggah : *menawi caranipun damel sega golong menika kados pundi bu?*  
B. Mukini : *bahanipun naming beras kaliyan toya. Pisanan nggeh berase dipesusi bar kuwe diliwet nganggo soblok ngasi stengah mateng. Bar kuwe didang nganggo kusan. Dienteni ngasi mateng.*  
Panggah : *menawi sesajen menika mangkih paringaken wonten pundi bu?*  
B. Mukini : *ya diglethakake nang kene mas, ora digawa nang pundhen.*  
Panggah : *menawi papanipun ngintun donga menika wonten pundi mawon bu?*  
B. Mukini : *nek panggonane kuwe ya nang pundhen Nyai rantamsari.*  
Panggah : *menapa nalikane nyekar menika ingkang ndamel sajen namung Ibu'e?*  
B. Mukini : *ya ora mas nek sing nggawe ya ana mbok nggoprek, sing gawe ya nyong karo mbok nggoprek.*  
Panggah : *menawi asal-usul nyekar menika kados pundi bu?*  
B. Mukini : *nekasal-usule ta aku ora patia paham. Tapi nyekar pundhen kuwe kaya nek awit jaman demak nalikane nyai rantamsari, banjur rakyate warga Wonotirto nganakaken tradisi Ngirim*

		<i>donga, mungkin sprene esih dianakna dijenengi Nyekar pundhen.</i>
Panggah		: Nyekar pundhen menika dipun lampahaken dinten menapa bu?
B. Mukini		: dinten malem selasa lan jemuwah kliwon.
Panggah		: menawi sanes dinten menika kados pundi bu?
B. Mukini		: wah nek kuwe ta aku ora ngerti. Tapi nek dina liyane ya bisa tapi ora akeh tiyange mung ngomong karo juru kuncine trus nyekar, ya pada bae jiaroh kubur.
Panggah		: urutanipun nyekar menika kados pundi bu?
B. Mukini		: urutane ya mangkat banjur nang kana ndonga, sing ngimami juru kuncine banjor nyekar rampung nyekar ya kumpul nang jogan latar.
Panggah		: nalikanipun nyekar ing kang dipun bekta menapa bu?
B. Mukini		: sing digawa kuwe kembang wangi, terus menyan.
Panggah		: tujuanipun nyekar menika menapa Bu?
B. Mukini		: macem-macem mas sing pertama ya ndongakaken Mbah Nyai Rantamsari. Njur njaluk keslametan, njaluk rejeki, ya intine awake dewek njaluk maring sing Kuasa lantaran Nyekar.
Panggah		: menawi ingkang mboten nglampahaken nyekar menika kados pundi bu?
B. Mukini		: Tapi kabeh mau kan kepercayaan. Terus kie juga tradisi wong jawa. Wong nyekar kan marai apik. Dadine kudune ta dilestarikaken.
Panggah		: njeh maturnuwun bu sampun purun dipun wawancarai.
B. Mukini		: njeh sami-sami mas.

### Catatan Refleksi :

1. Pembuatan sesajen barada di rumah Bu. Mukini
2. Sesaji yang dibuat berupa sega golong, kopi pahit, jembawuk, air salam, teh manis dan teh pahit.
3. Sesajen selain bunga wangi dan keményan diletakan di rumah.

## CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 05

### (CLW 05)

**Informan** : Bapak Yasno  
**Umur** : 77 tahun  
**Pekerjaan** : wiras wasta  
**Alamat** : Desa Wonotirto  
**Hari/ tanggal** : Kamis 1 November 2012  
**Tempat** : Rumah Bapak Yasno  
**Waktu** : 13.00 WIB  
**Kedudukan** : Warga Desa Wonotirto

#### **A. Pertanyaan tentang persiapan nyekar pundhen**

Panggah : sakderengipun upacara menika dipun milai, persiapanipun menapa kemawon?  
P. Yasno : persiapane ya pembentukan panitia, terus bersih, terus ana sing panitia kanggo menampung sum-sumaning warga. Menawi sampun kebentuk banjur kerja miturut tugas2 sing wes dirapatna kaya bersih2 pundhen, banjur sing masak ya nyiapaken kebutuhan nggo masak,  
Panggah : pelakunipun utawi panitianipun menika sinten mawon pak?  
P. Yasno : pelakune ya warga Desa Wonotirto kene bae. Ana Kuncene (jurukunci) pak. Mulyono banjur panitia bersih2 biasane bocah enom2an.  
Panggah : upacara Nyekar pundhen menika mapanipun wonten pundi mawon pak??  
P. Yasno : template ya nang Pundhen Nyai Rantamsari nang kwadungan.

#### **B. Pertanyaan tentang asal-usul dan pelaksanaan nyekar pundhen**

Panggah : nuwun sewu badhe nyuwun pirsa, nyekar pundhen menika dipun lampahaken wulan menapa pak?  
P. Yasno : setiap wulan ya ana mas,  
Panggah : menawi dintenipun?  
P. Yasno : nyekar pundhen kuwe dilakoni pendak dina kemis wage setiap wulan pas dina kemis wage ya mesti nyekar pundhen.  
Panggah : kenging menapa mendhet dinten menika pak?

- P. Yasno : *nek kenang apa ta aku ora ngerti tapi miturute wong tuwa kuwe dina sing apa iku ta wa dina apike pas kemis wage. Mergane kawit jaman mbiyen ya mesti pendak kemis wage.*
- Panggah : *kenging menapa nyekar pundhen menika dipun lampahaken wonten pundhen nyai rantamsari?*
- P. Yasno : *ya nyekar pundhen kuwe kan acara khusus kangge ngirim donga nggo mbah nyai rantamsari dadine ya dilakoni nang makame mbah nyai rantamsari.*

### **C. Pertanyaan tentang Pelaksanaan upacara nyekar pundhen**

- Panggah : *nalika upacara nyekar pundhennipun menika dipun wiwiti jam pinten pak?*
- P. Yasno : *diwiwiti jam setengah 8 bengi. Biasane rampung jam 10an.*
- Panggah : *menyan kaliyan kembang kanggenipun ngge menapa?*
- P. Yasno : *menyan dibakar sedurunge ndonga. Sing mbakar kan kuncene. Njenengan mung masrahaken kembang karo menyan maring kuncene mengko gari ngetutaken tok.*
- Panggah : *kembangipun menapa mawon pak?*
- P. Yasno : *ya kae apa ya. Mawar, kenanga banjur kanthil ya sing biasa nggo nyekar nang kuburan kae.*
- Panggah : *mbekta kembang kanggemenapa pak?*
- P. Yasno : *nggo nyekar. Mengko rampung nyekar pundhen toil kembang sing digawa disawurna dewek. Pada bae kowe jiaroh mbok nyekar. Kembang kuwe dadi buktine kan dongakna wong sing wis seda.*
- Panggah : *menapa warga wajib mbekta kembang pak?*
- P. Yasno : *nek wajib orane ta aku ora ngerti tapi biasane ya mesti nggawa.*
- Panggah : *menawi mboten mbekta kembang lan kemenyan kados pundi pak?*
- Panggah : *kembangipun tumbas menapa saking pundi pak?*
- P. Yasno : *tuku nang pasar mas. Nang bakul kembang. Ngomong bae nggo nyekar mengko toil diwei. Cok-cokan a na sing dodol nang cerek makam. Ning siki wis suwe ra tau keton bakule.*
- Panggah : *wonten ingkang sadean kembang menapa pak?*
- P. Yasno : *ya kuwe kadang-kadang cok-cokan ana sing dodolan kembang.*
- Panggah : *wonten arta ngge juru kunci menapa napa pak?*
- P. Yasno : *ya nek kuwe ta ngweei seihklase bae bae maring kuncene, biasane ana sing gawa rokok nek ora ya duit ora ketang limang ewu ya seihklase njenengan.*
- Panggah : *donganipun ingkang dipun ucapaken nalika nyekar pundhen menika menapa mawon pak?*
- P. Yasno : *walah sengertiku ya pada tahlilan sing ngerti ya kuncene.*

**D. Pertanyaan tentang sesaji dan makna sesaji nyekar pundhen**

- Panggah : *sesaji ingkang dipun agem kangge upacara nyekar pundhen menika menapa mawona pak?*  
P. Yasno : *nek sajene berarti ya kembang, menyan.*  
Panggah : *menapa kedah ngangge kembang pak? Menawi mboten kembang kados pundi?*  
P. Yasno : *nek ora nganggo ya nyalahi adat mas.*  
Panggah : *menawi kambang menika kenging menapa kok dipun wonten pundhen, menika ginanipun kangge menapa?*  
P. Yasno : *kembang kuwe kan gunane kanggo ngendahaken mas. Ben nggo wewangen ya bisa.*  
Panggah : *menawi mboten ngagem menyan kados pundi pak?*  
P. Yasno : *ya mbuh mas mbok ora diterima nang mbaureksane.hehehe*  
Panggah : *menawi tumpeng menika maknanipun menapa pak?*

**E. Pertanyaan tentang Tujuan nyekar pundhen**

- Panggah : *upacara nyekar pundhen menika gadahi ancas menapa pak?*  
P. Yasno : *tujuane ziarah maring pundhen nyai rantamsari.*  
Panggah : *ancas sosialipun menapa pak?*  
P. Yasno : *kanggo silaturahmi warga sing teka nang kana. Sing teka nang kana kan ora mung wong wonotirto, wong liya desa macem-macem. Kadang kang adoh luar kecamatan luar kabupaten.*  
Panggah : *lajeng ancasipun nyekar pundhen kangge kapitadosan dumateng desa menika menapa pak?*  
P. Yasno : *ya nyekar pundhen kiye kanggo tameng supados warga wonotirto kiye ora kenang musibah.*

**CATATAN REFLEKSI**

1. Pelaksanaan tradisi *nyekar pundhen* dilaksanakan setiap satu bulan sekali tepatnya pada hari Senin Wage dan Kamis Wage.
2. Makna sesaji Pelaksanaan *nyekar pundhen*.
3. Asal-usul pelaksanaan *Nyekar pundhen* yang dipercaya warga Desa Wonotirto.
4. Tujuan diadakan upacara *nyekar pundhen* adalah untuk sarana meminta keselamatan warga masyarakat Desa Wonotirto agar diberi keselamatan, ketentraman, dan kedamaian serta ungkapan rasa syukur atas rejeki dan hasil peretanian diberi kelancaran.

## CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 06

(CLW 06)

<b>Informan</b>	<b>: Ibu Nggoprek.</b>
<b>Umur</b>	<b>: 67 tahun</b>
<b>Pekerjaan</b>	<b>: Petani</b>
<b>Alamat</b>	<b>: Desa Wonotirto</b>
<b>Hari/ tanggal</b>	<b>: Kamis, 1 November 2012</b>
<b>Tempat</b>	<b>: Rumah Ibu Nggoprek</b>
<b>Waktu</b>	<b>: 16.00 WIB</b>
<b>Kedudukan</b>	<b>: Warga Dusun Wonotirto</b>

### Pertanyaan tentang asal-usul Nyekar

Panggah	: <i>kados pundi asal-usulipun upacara menika bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>asal-usule ta aku ora ngerti mas. Kiye ya wes ana kawit jaman gemien. Mungkin kang kebudayaan wong islam nek ana sing ninggal ngirim donga.</i>
Panggah	: <i>pelakunipun utawi panitianipun menika sinten mawon bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>ya warga desa Wonotirto, ana juru kuncine, karo warga liyane. Ibu-ibu bapak-bapak terus cah nom-noman ya pada melu.</i>
Panggah	: <i>upacara nyekar pundhen menika mapanipun wonten pundi mawon bu???</i>
B. Nggoprek	: <i>ya nang pundhen nyai rantamsari.</i>
Panggah	: <i>menawi dintenipun menapa bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>dinane kemis wage, malem selasa kliwon lan jemuwah kliwon.</i>
Panggah	: <i>kenging menapa mendhet dinten menika bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>mungkin dina sing apik miturut wong tuwa gemien dina menika</i>
Panggah	: <i>kenging menapa nyekar pundhen menika dipun lampahaken wonten pundhen nyai rantamsari?</i>
B. Nggoprek	: <i>ya pancen acarane nggo ngirim donga mbah nyai rantamsari ya panggone nang pundhen.</i>
Panggah	: <i>nalika upacara ngintun donganipun menika dipun wiwiti jam pinten bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>jam setengah 8an bengi mas.</i>
Panggah	: <i>warga ingkang bade ngintun donga mbektane menapa mawon bu?</i>

B. Nggoprek	: <i>nggawa kembang karom enyan. Biasane nggawane ya kembang kuwe. Karo duit seihklase nggo kuncene.</i>
Panggah	: <i>kembangipun menapa mawon bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>sing biasa nggo nyeka rkembang wangi, ana mawar, kenanga karo kanthil.</i>
Panggah	: <i>menapa warga wajib mbekta kembang bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>ya ora ngerti nek kuwe tapi kuwe wis dadi tradisi ne nggawa kembang.</i>
Panggah	: <i>donganipun ingkang dipun ucapaken nalika ngintun donga menika menapa mawon bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>sengertiku sic ana tahlih banjur wiridan, ana doa selamet ayat2e kaya al fateha, an naas al ikhlas ayat kursi. Ngertine mung kuwe mas.</i>
Panggah	: <i>menawi tirakatan menika dipun wiwiti jam pinten bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>serampunge ngintun donga. biasane jam 9an.</i>
Panggah	: <i>sesaji ingkang dipun agem kangge upacara nyekar menika menapa mawonbu?</i>
B. Nggoprek	: <i>anakembang, menyan.</i>
Panggah	: <i>maknanipun sajen menika menapa bu?</i>
B. Nggoprek	: <i>ora ngerti mas.</i>

## CATATAN REFLEKSI

1. Pelaksanaan tradisi *nyekar pundhen* dilaksanakan setiap satu bulan sekali tepatnya pada hari malam selasa dan jumat kliwon.
2. Asal-usul pelaksanaan *nyekar pundhen* yang dipercayai warga Desa Wonotirto.
3. Tujuan diadakan upacara *nyekar pundhen* adalah untuk sarana meminta keselamatan warga masyarakat Desa Wonotirto agar diberi keselamatan, ketentraman, dan kedamaian serta ungkapan rasa syukur atas rejeki dan hasil peretanian diberi kelancaran.
4. Upacara *nyekar pundhen* dilakukan di Pundhen nyai rantamsari.

**CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 07**  
**(CLW 07)**

**Informan : Bapak Riyadi**  
**Umur : 35 tahun**  
**Pekerjaan : Petani**  
**Alamat : Desa Wonotirto**  
**Hari/ tanggal : Kamis 1 November 2012**  
**Tempat : Rumah Bapak Riyadi**  
**Waktu : 16.30 WIB**  
**Kedudukan : Warga Desa Wonotirto**

**A. Pertanyaan tentang persiapan nyekar pundhen**

Panggah : *sak derengipun upacara menika dipun milai, persiapanipun menapa kemawon?*  
P. Riyadi : *persiapane niku bersih2, ingkang bersih2 makam menika biasane tiyang enoman mas, pemuda2ne. menawi panitiane sih biasane sampun wonten amargi menika acara bulanan rutin, biasane dirapataken nalikane acara manakiban, lah namine sanes rapat nggeh gendu-gendu rasa.*  
Panggah : *pelakunipun utawi panitianipun menika sinten mawon pak?*  
P. Riyadi : *menawi pelakune menika juru kuncine, banjur panitia ingkang gadhah tugas masak kaliyan resik2 makam. Lajeng ingkang nderek nyekar pundhen ta warga mriki mas, njeh mbotten sedaya warga mas ingkang nderek, nanging nggeh taksih kathah. Biasane tiyang2 sepuh ibu2. Kaliyan bapak2. Njeh ingkang taksih percaya babagan kados niki.*  
Panggah : *upacara Nyekar pundhen menika papanipun wonten pundi mawon pak???*  
P. Riyadi : *njeh wonten pundhen nyai rantamsari.*  
Panggah : *menawi bahan2 kangge sesajen menika asale saking pundi pak?*  
P. Riyadi : *saking warga mas warga sedaya.*

**B. Pertanyaan tentang asal-usul dan pelaksanaan nyekar pundhen**

Panggah : *nuwun sewu badhe nyuwun pirsa, nyekar pundhen menika dipun lampahaken wulan menapa pak?*

- P. Riyadi : *niki pendak wulan menika rutin, pendak wulan menika wonten mas.*
- Panggah : *menawi dintenipun dinten menapa pak?*
- P. Riyadi : *menawi dintene niku dinten malem selasa lan kemis kliwon.*
- Panggah : *kenging menapa mendhet dinten menika pak?*
- P. Riyadi : *nek niku sampun tradisine dinten kliwon, mungkin miturut tiyang sepuh menika dinten ingkang sae kangge nyekar pundhen nggeh kemis wage, wong kula mboten paham babagan itung2an kados mekaten.*
- Panggah : *kenging menapa nyekar pundhen menika dipun lampahaken wonten pundhen nyai rantamsari?*
- P. Riyadi : *njeh saking riyin nggeh dilampahaken wonten mriku, masalahipun nalikane nyekar pundhen menika ngirim donga kangge mbah nyai rantamsari dodosipun dilampahaken wonten pundhen mbah nyai rantamsari.*

### C. Pertanyaan tentang Pelaksanaan upacara nyekar pundhen

- Panggah : *nalika upacara nyekar pundhennipun menika dipun wiwiti jam pinten pak?*
- P. Riyadi : *jam setengah 8 bengi.*
- Panggah : *nalika nyekar pundhen menika urutan acarane menapa mawon pak?*
- P. Riyadi : *teka njur ndonga*
- Panggah : *warga ingkang bade nyekar pundhen mbektane menapa mawon pak?*
- P. Riyadi : *kembang karo menyan*
- Panggah : *kembangipun menapa mawon pak?*
- P. Riyadi : *Mawar, kenanga aku ra patia ngerti*
- Panggah : *menapa warga wajib mbekta kembang pak?*
- P. Riyadi : *ora*
- Panggah : *menawi mboten mbekta kembang lan kemenyan kados pundi pak?*
- P. Riyadi : *nek kuwe ta aku ora ngerti.*
- Panggah : *donganipun ingkang dipun ucapaken nalika nyekar pundhen menika menapa mawon pak?*
- P. Riyadi : *sing ngerti ya kuncene.*

### D. Pertanyaan tentang sesaji dan makna sesaji nyekar pundhen

- Panggah : *menapa maknanipun kembang pak? Menawi mboten ngagem kembang kados pundi?*
- P. Riyadi : *amargi kembang menika wonten teges wewangen, wewangen menika nggadahi istilah supados tiyang gesang menika kedah wangi nalikane ngelampahi gesang, tiyang ingkang nglampahi gesang kanthi jujur, sabar, lan tumindakipun sae menika saged dipun arani tiyang ingkang dalane wangi. menawi*

*saking kepercayaan kejawen menika wewangen menika sakwijining hal ingkang sae. Lan ugi wonten ing ngilmu islam menawi tiyang bade ngadep utawi nyembah dumateng Gusti Allah kedah resik lan wangi. Kemenyan ugi sami mawon mas, menyan menika menawi namung dipun gletakaken nggeh wujude namung menyan mboten wonten istimewanipun, ananging menawi dedunga menika kanthi mbakar menyan menika dados wewangen ingkang medal saking asepipun bakaran menyan. Wonten ugi ingkang pitados tiyang gesang nggeh daharipun barang nyata kadosta beras lauk liyane. Menawi makhluk ingkang mboten ketingal menika daharanipun nggeh wewangen menika.*

#### **E. Pertanyaan tentang Tujuan nyekar pundhen**

- |           |   |
|-----------|---|
| Panggah   | : upacara nyekar pundhen menika gadahi ancas menapa pak?                        |
| P. Riyadi | : tujuane kanggo ngirim donga nggo nyai rantamsari.                             |
| Panggah   | : lajeng ancasipun nyekar pundhen kange kapitadosan dumateng menika menapa pak? |
| P. Riyadi | : ya ben slamet.  |

#### **CATATAN REFLEKSI**

1. Nyekar pundhen dilaksanakan di Pundhen nyai rantamsari.
2. Warga melakukan rapat ketika acara manakiban rutin.
3. Asal-usul tradisi Nyekar pundhen.
4. Makna sesaji bunga, kemenyan pada acara nyekar pundhen.

## CATATAN LAPANGAN WAWANCARA 08

(CLW 08)

**Informan : Bapak Pawit**  
**Umur : 45 tahun**  
**Pekerjaan : Petani**  
**Alamat : Desa Wonotirto**  
**Hari/ tanggal : kamis, 1 November 2012**  
**Tempat : Rumah Bapak Pawit**  
**Waktu : 17.00 WIB**  
**Kedudukan : Warga Desa Wonotirto**

### A. Pertanyaan tentang persiapan nyekar pundhen dan tumpengan

Panggah : sak derengipun upacara menika dipun milai, persiapanipun menapa kemawon?  
P. Pawit : persiapane ya resik2 pundhen.  
Panggah : pelakunipun utawi panitianipun menika sinten mawon pak?  
P. Pawit : ya bisane juru kuncine karo panitiane mas.  
Panggah : upacara Nyekar pundhen menika papanipun wonten pundi mawon pak???  
P. Pawit : nang pundhen nyai rantamsari.

### B. Pertanyaan tentang asal-usul dan pelaksanaan nyekar pundhen

Panggah : nuwun sewu badhe nyuwun pirsa, nyekar pundhen menika dipun lampahaken wulan menapa pak?  
P. Pawit : setiap wulan kuwe mesti ana mas.  
Panggah : menawi dintenipundinten menapa?  
P. Pawit : dinane kuwe dina malem selasa karo jemuwah kliwon.  
Panggah : kenging menapa mendhet dinten menika pak?  
P. Pawit : wah nek sejarahe aku ora ngerti mas. Tapi kayane dinane wes diitung nang primbone wong jawa.  
Panggah : kenging menapa nyekar pundhen menika dipun lampahaken wonten pundhen nyai rantamsari?  
P. Pawit : ya wes biasane nang kono. Kawit gemien ya nang kono mas.

### **C. Pertanyaan tentang Pelaksanaan upacara nyekar pundhen**

- Panggah : *nalika upacara nyekar pundhennipun menika dipun wiwiti jam pinten pak?*
- P. Pawit : *diwiwiti jam setengah 8 bengi. Biasane rampung jam 10an.*
- Panggah : *nalika nyekar pundhen menika urutan acarane menapa mawon pak?*
- P. Pawit : *teka nggawa kembang, kembange dipasrahaken kuncene nek kowe duwe pengarep-arep ya ngomong ming kuncene. banjur ndonga diimami nang pak.hadi kuncene makam, sedurunge ndonga kuwe pak hadi mbakar menyan. La sewise ndongga dilanjutna nyekar. wes rampung, gari tumpengan nek ana sing tumpengan. wis bar kuwe ya balik.*
- Panggah : *warga ingkang bade nyekar pundhen mbektane menapa mawon pak?*
- P. Pawit : *nggawa kembang karo menyan mas. Kembange nggo nyekar menyane kuwe dibakar nalikane ndonga.*
- Panggah : *kembangipun menapa mawon pak?*
- P. Pawit : *Mawar, terus kenanga karo kanthil*
- Panggah : *menapa warga wajib mbekta kembang pak?*
- P. Pawit : *nek wajib orane ta aku ora ngerti tapi biasane ya mesti nggawa.*
- Panggah : *menawi mboten mbekta kembang lan kemenyan kados pundi pak?*
- P. Pawit : *nek kuwe ta aku ora ngerti.*
- Panggah : *donganipun ingkang dipun ucapaken nalika nyekar pundhen menika menapa mawon pak?*
- P. Pawit : *walah sengertiku ya pada tahlilan sing ngerti ya kuncene.*

### **D. Pertanyaan tentang sesaji dan makna sesaji nyekar pundhen**

- Panggah : *sesaji ingkang dipun agem kangge upacara nyekar pundhen menika menapa mawona pak?*
- P. Pawit : *nek sajene berarti ya kembang, menyan, banjur tumpenge kuwe mau.*
- Panggah : *menapa kedah ngangge tumpeng lan kembang pak? Menawi mboten ngagem tumpeng lan kembang kados pundi?*
- P. Pawit : *nek ora nganggo ya nyalahi adat mas.*
- Panggah : *menawi kambang menika kenging menapa kok dipun wonten makam, menika ginanipun kangge menapa?*
- P. Pawit : *ben wangi.*
- Panggah : *menawi mboten ngagem menyan kados pundi pak?*
- P. Pawit : *ya mbuh mas mbok ora diterima nang mbaureksane.*

#### **E. Pertanyaan tentang Tujuan nyekar pundhen**

- Panggah : *upacara nyekar pundhen menika gadahi ancas menapa pak?*
- P. Pawit : *tujuane kanggo ngirim donga nggo mbah nyai rantamsari. nek manfaate ya kanggo wujuding rasa syukur warga sampun diparingi rejeki sarta kaselametan, rasa hormat menghormati antar makhluk hidup didunia baik manusia atau makhluk lain. ben atine pada tentrem, utawa ngewei katentreman marang wong wonotirto. kanggo keakraban warga sing teka nang kana ya istilahe silaturahmi.*
- Panggah : *lajeng ancasipun nyekar pundhen kangge kapitadosan dumateng pepali menika menapa pak?*
- P. Pawit : *ya nyekar pundhen kiye kanggo tameng supados warga wonotirto kiye ora kenang musibah. Ben wong wonotirto tetep tentrem uripe. Ibarate ben tetep tentrem lah ora ana musibah, banjur panene akeh, ya dadei saling menghormati antar makhluk hidup nang dunia.*

#### **CATATAN REFLEKSI**

1. Nyekar pundhen dilaksanakan setiap bulan pada hari malem selasa kliwon lan jumat kliwon.
2. Warga melakukan pembentukan panitia sebelum melaksanakan *nyekar pundhen*
3. Nyekar pundhen dilakukan di pundhen Nyai Rantamsari.
4. Asal-usul nyekar pundhen.



**KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN  
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI**

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 **(0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207**  
[http://www.fbs.uny.ac.id//](http://www.fbs.uny.ac.id/)

FRM/FBS/33-01  
10 Jan 2011

Nomor : 1192n/UN.34.12/PP/X/2012  
Lampiran : 1 Berkas Proposal  
Hal : Permohonan Izin Penelitian

3 Oktober 2012

Kepada Yth.  
Gubernur Daerah Istimewa Yogyakarta  
c.q. Kepala Biro Administrasi Pembangunan  
Sekretariat Daerah Provinsi DIY  
Kompleks Kepatihan-Danurejan, Yogyakarta 55213

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud akan mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul :

***Folklor Ritual Tradisi Nyekar di Pundhen Nyai Rantamsari Dusun Kwadungan Desa Wonotirto Kecamatan Bulu Kabupaten Temanggung***

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : PANGGAH ADI PUTRANTO  
NIM : 07205244181  
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa  
Waktu Pelaksanaan : Oktober – Desember 2012  
Lokasi Penelitian : Desa Wonotirto Kecamatan Bulu Kabupaten Temanggung

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.



Tembusan:  
Kepala Desa Wonotirto Kecamatan Bulu Kabupaten Temanggung



**PEMERINTAH PROVINSI DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA**  
**BADAN KESATUAN BANGSA DAN PERLINDUNGAN MASYARAKAT**  
**( BADAN KESBANGLINMAS )**  
**Jl Jenderal Sudirman No 5 Yogyakarta - 55233**  
**Telepon (0274) 551136, 551275, Fax (0274) 551137**  
**YOGYAKARTA**

Yogyakarta, 4 Oktober 2012

Nomor : 074 / 608 / Kesbang / 2012  
Perihal : Rekomendasi Ijin Penelitian

Kepada Yth.  
Gubernur Jawa Tengah  
Up. Kepala Badan Kesbangpol dan Linmas  
Provinsi Jawa Tengah

Di SEMARANG

Memperhatikan surat :

Dari : Dekan Fakultas Bahasa dan Seni UNY  
Nomor : 1192n/UN 34.12/PP/X/2012  
Tanggal : 3 Oktober 2012  
Perihal : Permohonan Ijin Penelitian.

Setelah mempelajari surat permohonan dan proposal yang diajukan, maka dapat diberikan surat rekomendasi tidak keberatan untuk melaksanakan penelitian dalam rangka penyusunan skripsi dengan judul : " **FOLKLOR RITUAL TRADISI NYEKAR DI PUNDHEN NYAI RANTAMSARI DUSUN KWADUNGAN DESA WONOTIRTO KECAMATAN BULU KABUPATEN TEMANGGUNG** " , kepada :

Nama : PANGGAH ADI PUTRANTO  
NIM : 07205244181  
Prodi / Jurusan : Pendidikan Bahasa Jawa  
Fakultas : Bahasa dan Seni UNY  
Lokasi Penelitian : Desa Wonotirto, Kecamatan Bulu, Kabupaten Temanggung, Provinsi Jawa Tengah  
Waktu Penelitian : Oktober s/d Desember 2012

Sehubungan dengan maksud tersebut, diharapkan agar pihak yang terkait dapat memberikan bantuan / fasilitas yang dibutuhkan.

Kepada yang bersangkutan diwajibkan :

1. Menghormati dan mentaati peraturan dan tata tertib yang berlaku di wilayah penelitian;
2. Tidak dibenarkan melakukan penelitian yang tidak sesuai atau tidak ada kaitannya dengan judul penelitian dimaksud;
3. Melaporkan hasil penelitian kepada Badan Kesbanglinmas Provinsi DIY;

Rekomendasi Ijin penelitian ini dinyatakan tidak berlaku, apabila ternyata pemegang tidak mentaati ketentuan tersebut di atas.

Demikian untuk menjadikan maklum.

A.n. KEPALA  
BADAN KESBANGLINMAS PROVINSI DIY  
KABID KESBANG



RUSDIYANTO  
NIP. 49631029 199003 1 004

2. Pelaksanaan Survey tidak disalah gunakan untuk tujuan tertentu yang dapat mengganggu stabilitas pemerintahan.
3. Untuk Survey yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan.
4. Tidak membahas masalah politik dan / atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.
5. Surat Rekomendasi Survey dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila :
  - a. Pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan peraturan yang berlaku.
  - b. Obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
6. Setelah melakukan survey , supaya menyerahkan hasilnya kepada Kepala Kantor Kesatuan Bangsa, Politik dan Perlindungan Masyarakat Kabupaten Temanggung.

IV. Surat Rekomendasi Survey ini berlaku dari :  
5 Oktober – 5 Desember 2012

V. Demikian untuk menjadikan maklum dan guna seperlunya

Temanggung, 5 Oktober 2012



Tembusan : dikirim kepada Yth.

1. Bapak Bupati Temanggung ;
2. Kepala Bappeda Kab. Temanggung ;
3. Camat Bulu
4. Kepala Dusun Kwadungan ;
5. Kepala Desa Wonotirto ;
6. Yang bersangkutan ;
7. Arsip;

yang mendapat dukungan dana dari sponsor baik dari dalam negeri maupun luar negeri, agar dijelaskan pada saat mengajukan perijinan. Tidak membahas masalah Politik dan / atau agama yang dapat menimbulkan terganggunya stabilitas keamanan dan ketertiban.

3. Surat Rekomendasi dapat dicabut dan dinyatakan tidak berlaku apabila pemegang Surat Rekomendasi ini tidak mentaati / mengindahkan peraturan yang berlaku atau obyek penelitian menolak untuk menerima Peneliti.
4. Setelah survey / riset selesai, supaya menyerahkan hasilnya kepada Badan Kesbangpol Dan Linmas Provinsi Jawa Tengah.

V. Surat Rekomendasi Penelitian / Riset ini berlaku dari :

5 Oktober – 5 Desember 2012

VI. Demikian harap menjadikan perhatian dan maklum.

Semarang, 5 Oktober 2012

an. GUBERNUR JAWA TENGAH  
KEPALA BADAN KESBANGPOL DAN LINMAS  
PROVINSI JAWA TENGAH

